DJONGKO

DJAKA LODANG

KAWEDAR

inggih

DJONGKO RONGGAWARSITA

KAWEDAR

Wedaranipun kadjarwakaken dening:

KI MARDIBUDHI

ing

MADIUN



Kawedalaken lan kasade dening:

Toko Buku Pustaka Djawi „GURU - BUDHI"

Djl. Kalimantan No. 42 — Madiun.

DJONGKO

DJAKA - LODANG

KAWEDAR

inggih

DJONGKO RONGGAWARSITA

KAWEDAR

Wewedaranipun kadjarwakaken dening:

KI MARDIBUDHI

ing

MADIUN

Tinengeran Tjandrasangkala: Asta pudjangga angesti tjandraning kaswargan luhur (1888).

Ingetung Surjasangkala : Tjatur wedha murtining djagad sampurna (1834).

Sesanti: Eling eling, kang lali muga (páda) elinga.



Toko ANEKA
DJ. PASAR 51 – TELPON No. 56
BANDJARNEGARA

Kawedalaken lan kasade dening:
Toko Buku Pustaka Djawi „GURU - BUDHI"
Djl. Kalimantan No. 42 — Madiun.



KI MARDIBUDHI.
(Pangripta)

Wewenang kaajoman Undang2
buku kang sah katanda tangan dening penerbit.

LC Control Number
2009 332775

Sang Suwargi ingkang Minulya ing djagad
Raden Ngabehi Ronggawarsita.



Pudjangga Dalem
ing
Nagari Surakarta Adiningrat.

1. PURWAKA.

UNG ILAHENG HONG MANGARTJANA MATAJA AWIGNA MASTU NAMA SIDHI.

Dyan punika reke bebukanipun wurjaning Serat Djangka Djaka Lodang kawedar, amarsitakaken wewedaraning djangkanipun Sang Suwargi ingkang Minulya ing djagad inggih pandjenenganipun Sang Pudjangga Raden Ngabehi Ronggawarsita. ingkang wawedaraning djangkanipun kaendakaken dateng nami pasemon Djoko Lodang.

Senadyan Serat Djangka Djaka Lodang punika sampun asring ugi kawedaraken dening para ahli djangka, ewasamanten kados boten wonten awonipun manawi kula tumut urun? anarbukani, awit pamanggih kula, sapinten kawigatosanipun kawruh? djangka ingkang ngantos meh kalimrah dados kapitadosaning akatah, utawi ngantos kadosdene kapiandelan bilih djangka punika inggih kawontenanipun pepasten ingkang sampun tamtu kadadosanipun (kados ingkang kasebat miturut suraosing pandjangka wau), mila kadospundi menggah ing salugunipun weweraning ukara-patra ingkang sinandi2 wonten ing salebetipun ungel?aning djangka manawi kasundukaken kalijan kawontenan?ing kadadosan ingkang sampun kanjatahan, punapa saged keplok utawi boten, pangripta amung sadermi njumanggakaken, amargi ngrumaosi anggen kula katjupetan seserepan saking babipun kawruh2 ingkang kasebat

Nanging nadyan makaten, mbok bilih sesandining lukita utawi lelungiding djangka2 wau saged ngepleki (notjogi) ing ngriki atur pamrajogi kula, inggih langkung utami kedah kasaringa malih kelajan ginalih mempan, djer ing atasipun kapitadosan makaten, sampun ngantos anunten namung winastan saking gugon tuhon kemawon. kadjawi, kedah samestinipun awit anggugu sangkaning tuhu. tegesipun anggugu ing kanjatahan.

Mila makaten, djalaran djangka makaten djangkaning djangkah, upami liripun kadosdene pasta lan pasti. Pasti punika njata, pasta punika pangesti, dados tjetanipun pangesti (angesti) ing kanjatahan. Mila kados pundi menggah djangkah?ing kawontenan kita ingkang sampun kanjatahan kalijan djangkaning djangkah kasebat wau, punika, bilih saestu notjogi kalijan djangka kasebat. rehning djangka? wau kawangun dening leluhur ing kina2, dados jen makaten harak kapara-jekti bilih para leluhur kita ing kina-makina wau tuhu limpad ing budhi saha putus ing pangawikan miwah tuhu waskita anggenipun nawung ing kridaning rat, mila inggih saking punika, dados inggih lajak kemawon manawi kawontenan kita ing nguni? kawarti tuhu luhuring budhi budhaja sarta kabudhajanipun nelahi ing saindenging rat pramudita.

Saladjengipun punapa menggah ingkang kaangkah, dene para leluhur2 samanten atetilar pustaka2 utawi saugi ingkang awudjud djangka punika (?). Sadaja wau, boten sanes awit anggenipun sutresna rumengkuh ing kasantosan amrih widadaning karahajon sahingga turun-tumurun ing para kawula (rakjat) sanuswa bangsa, supados samija saged ananggapi ing ulah kridaning kawontenan ing mangsa-kula kinarja ambudi dateng karahajoning bebrajan, kelajan saranaa pamatawis saking (angengeti) wewarah2 ungel?aning sastra lukita saking iketaning tjarijos? kina kasebat.

Madiun 9 September 1956.
1 Sura (Kemis Legi) 1888
(wuku Galungan, windu Sengara).

Sugeng rahaju budhi
pangripta :
KI MARDIBUDHI.

1. SASMITA BADE MANDJALMANIPUN KI DJAKA LODANG. SINANDI WONTEN ASMANIPUN SANG PUDJANGGA. ING UKARA SASTRA PURWA-WASANA.

(1) **RONG**eh djleg tumi**BA**,
(2) **GA**garan santo**SA**,
(3) **WAR**tane meh te**KA**,
(4) **SI**kara karo**DA**,
(5) **TA**tage tan ka**TON**,
(6) **BA**rang barang nge**RONG**,
(7) **SA**guh tanpa ra**GA**,
(8) **KA**tali kawa**WAR**,
(9) **DA**dal ameka**SI**,
(10) **TON**da murang ta**TA**.

Tegesipun sadasa (10) pada punika saben satunggal pada wiwitan wekasanipun saking ngadjeng mangadap utawi saking wingking mangandap mungel :

Ronggawarsita basa kadaton
Basa kadaton Ronggawarsita.

Wedaran pikadjenganipun ukaraning djangka 10 pada:

(1) Tan kanjana2 **dahuruning djaman** kadi **tanpa sangkan tekane.**

(2) Nanging dahuruning djaman mau jaiku kang dadi **Lelantaran** ija **sarananing kasantosan** *(inggih bade dumadosing kamardikan kita nalika punika).*

(3) Ing mangko **wartane** wus **meh tumeka** (nekani).

(4) Jaiku bakal kadadejane **sikara-sinikaran** awit saka **krodaning** napsu angkara murka.

(5) Ananging wong paprentahan Walanda **ilang kakendelane.**

(6) Mula satemahan **ringkih** *(lemah)* **samubarange.**

(7) Ewasamono paprentahane wong Walanda peksa wani anganteb perang.

Amung bae ing sarehne ringkih lan kalemahane mau, dadi kasaguhane anganteb perang salugune amung kekarepane paprentahane bae, nanging **para pradjurite sanjatane pada wedi** ing paprangan, kang mangka pradjurit mono sabenere dadi kakuwataning nagara lan paprentahan.

(8) Mula ing sawuse kadadejan paperangan lumawan Djepang wong (paprentahan) Walanda satemah kena **kinepung putuk binaja** mangap,

(9) sarta **ing wekasan anemahi dadal larut** paprentahane wong Walanda ana ing kene (Indonesia),

(10) amarga wong Walanda ana ing kene **tanda** banget anggone **amurangtata** anggone ndjadjah.

Wedaran murad maksudipun:

(1) **Rongeh djleg tumiba.** Tegesipun tanpa kanjana2 dahuruning djaman kadi tanpa sangkan datengipun (ndatengi). Rongeh punika maksudipun satunggiling manah (ati) ingkang kraos djindja, genjeh, gendjeh utawi gojang. Nanging ing rehning punika tembung sesandi ingkang tumudju dateng djangkaning djaman, dados gampiling tembung rongeh wau ing ngriki ladjeng aretos: horeg utawi dahuru. Inggih punika horeg utawi dahuru kawontenaning djaman ingkang boten kanjana2 wau, dados mbokmanawi kadjengipun, wontenipun dahuruning djagad, perang donja ingkang kaping kalih kapengker. Djleg tumiba, punika maksudipun dawah ingkang tanpa sangkan utawi boten kanjana2. Kadosta, sinten ingkang saged anggambaraken ubenging kawontenan ing saderengipun(?), punapa malih punika ladjeng dados djedjalaran kamardikaning nagari kita Indonesia. Pramila ing ngriku saladjenging ukara nunten katjetakaken:

(2) **Gagaran santosa.** Tegesipun lelantaran utawi sarananing kasantosan. Gagaran (gegaran) tegesipun: garan (danganan) utawi gagang, utawi inggih ateges: sarana (sarat) ingkang dados lelantaran, utawi inggih anggadahi teges malih: wewaton, pokok utawi pok. Dene tembung santosa punika anggadahi teges: kijat (kuwat), bakuh utawi kukuh, dados gagaran santosa punika ing ngriki ladjeng aretos: lelantaran utawi sarananing kasantosan. mBok manawi ingkang kamaksudaken gagaran santosa punika wau sakìng karsanipun Sang Pudjangga amargi inggih bade dumawahing kasantosan kita ingkang tumudju dateng kamardikanipun nagari lan bangsa kita ingkang sarana dahuru utawi rongehing kawontenan ksb. dene bade tumimbuling kadadosanipun saladjengipun kawedaraken:

(3) **Wartane meh teka.** Tegesipun wartosipun (kabaripun) sampun bade dumugi utawi dateng. Wartos punapa? Inggih punika wartosipun badening kadadosanipun gagaran santosa inggih kamardikan kita, punika kadinginan praptaning gara2 ingkang minangka dados lelantaranipun, dene gara2 wau inggih punika wontenipun dahuru ksb. Dene wontenipun dahuru wau sampun tamtu punika saking hardaning angkaramurka, boten narimah, mila saladjengipun nunten kadamel ukara:

(4) **Sikara karoda**. Tegesipun sikara - sinikaran, giles-giniles (tindas-menindas) apantjakara utawi perang. Tembung sikara punika tegesipun munasika, salah gawe utawi sija? lsp. Dene tembung karoda manawi saking tegesing kroda, aretos: nepsu, wani, bendu lsp; nanging bilih karoda punika kapirit saking tembung roda, punika inggih ladjeng anggadahi retos: giniles, anggiles lsp. mila tembung sikara karoda, ing ngriki ladjeng kenging dipun tegesi: sikara-sinikaran utawi giles-giniles, plindes-pinlindes, apantjakara utawi perang lsp. Nanging ing salebeting sikara-asinikaran (perang) wau ing ngriku ladjeng karamalaken malih saterusipun:

(5) **Tatage tan katon**. Tegesipun itjal utawi boten katingal tataging manah, punika aretos sirna kakendelanipun. Inggih ing salebetipun wonten ing djaman sikara-asinkaran wau ingkang kamaksudaken sirnaning kakendelanipun, mbokmanawi boten sanes mestinipun inggih katudjokaken dateng kawontenaning paprentahan Walandi duk ing nalika samanten dene kaparanjata djerehipun tetijang (pradjurit) Walandi lumawan Djepang. Mila ingkang makaten wau ladjeng andjalari kawontenanipun tetijang (paprentahan) Walandi dados ringkih, kados ingkang katjeta wonten ing ngandap:

(6) **Barang-barang ngerong**. Tegesipun samukawisipun dados ringkih utawi lemah. Punika awit kabekta tetijang (pradjurit) Walandi adjrih lumawan perang ksb. Ngerong punika ateges nggronggong, growoh, gesong utawi growong, dados tembung punika bilih tumrap ing kawontenan inggih ladjeng anggadahi retos ringkih utawi lemah. Mila nalika samanten Walandi pinukul perang dening Djepang, ing ngriku kados namung kapeksa sanget anggenipun amagut perang, sarta ing sarehning amargi saking adjrihipun wau mila Walandi inggih sakelangkung ringkihipun. Nanging sanadyana makaten, sarehning ingatasing paprentahan inggih ladjeng kapeksa tumandang perang nanggulangi krodaning mengsah, nadyan tinemaha kados pepaosipun:

(7) **Saguh tanpa raga**. Tegesipun satunggaling kasagahan ingkang boten sembada utawi tanpa kekijatan. Raga punika maksudipun kekijatan obahing gesang, mila tembung saguh

tanpa raga, punika menggah tumrap ing baden aretos satunggaling kasagahan ingkang namung wonten ing batos utawi wonten suwanten kemawon, upaminipun: ing batos narimah nanging ing lahir adjrih, dados wontenipun namung manah nganta2, utawi kenging winastan namung suwanten kemawon. Inggih ing nalika punika (samanten), rikala paprentahan Walandi ing ngriki ngumumaken perang lumawan Djepang. punika salugunipun namung pikadjenganing paprentahanipun kemawon, nanging sanjatanipun pradjuritipun tetijang Walandi sami adjrih dateng paperangan, dados punika kenging winastan satunggiling kasagahan ingkang boten sembada utawi tanpa kekijatan, pramila ing ngriku Walandi ladjeng katemahan:

(8) **Katali kawawar.** Tegesipun kadosdene tinangsulan dipun djaring, sinrimped2, kinepung putuk binajamangap. Katali, sampun terang retosipun: dipun tangsuli, binanda binlenggu tuwin sasaminipun. Kawawar tegesipun kadjaring, dipun sarimped, dipun tradjang lsp. mila ing ngriku Walandi ladjeng katemahan:

(9) **Dadal amekasi.** Tegesipun wekasan dadal ingkang pinanggih.

Dadal punika tegesipun bobol, bodol, wudar, ambyar, bosah-basih, ambruk lsp. dados punika aretos dadal utawi ambrukipun paprentahan Walandi, inggih ing ngriku pungkasanipun paprentahan Walandi wonten ing Indonesia ngriki, djalaran tingkahipun pandjadjah Walandi wau sampun:

(10) **Tonda amurang tata.** Tegesipun tanda anggenipun amurang tata dados pandjadjah.

—oOo—

3. DJARWANING TEGESIPUN NAMI DJAKA LODANG.

Tembung nami **Djaka Lodang**, punika mbokmanawi karsanipun Sang Pudjangga anggenipun damel tembung nami Djaka Lodang ksb. pantjen kasengadja kadamel saloka utawi pasemon tumraping lelampahan ingkang bade kadadosan, djalaran ngengeti menggah pandamelipun (pangarangipun) Serat Djaka Lodang ka-

sebat ing nalika samanten wonten salebetipun djaman pendjadjahan Walandi, dados saged ugi kemawon punika tembung nami ingkang angemu sandi utawi keeras, nebihi prakawis awisan (delict).

Wondene tembung nami Djaka Lodang ksb. menggahing pasemon utawi saloka wau jen kalaras maksudipun, Djaka aretos muda utawi neneman (pamuda/pemuda), dene Lodang punika mbokmanawi sami ugi utawi mirip kalijan tembung ludang. Ing mangka tembung ludang, punika anggadahi teges uwis, utawi rampung, tlesih utawi slesih, inggih punika karampunganipun padamelan utawi karampunganing gawe, dados bilih makaten menggah ingkang kinarsakaken dening Sang Pudjangga maksudipun nami Djaka Lodang ksb. aretos: **Pemuda ngrampungi gawe**, utawi **Pamuda ambengkas** (ngentasi) **karja** (**Pamuda menjelesaikan tugas kewadjibannja**).

—ooOoo—

4. DJANGKANIPUN SANG PUDJANGGA
ingkang kaendakaken dateng
KI DJAKA LODANG.

Lugunipun

(1) Djaka Lodang gumandul,

(2) Praptaneng pang ngetengkrang sru muwus,

(3) eling-eling pasti karsaning Hyang Widhi,

(4) gunung mendak djurang mbrendjul,

(5) ingungsir pradjaprang kasor.

Djarwa wedaran
wetahing maksud kirang langkung :

(1) Djaka Lodang pitados, (2) ing sadumuginipun kawontenaning mangsa-kala. Mila ing ngriku **Ki** Djaka Lodang (inggih ingkang salugunipun Sang Pudjangga) kados sampun boten nggalih sumelang utawi sampun boten ragu2 anarbukakaken ing sabdanipun kelajan sora pangandikanipun makaten: (3) "Eling-elingen manawa wus pinasti saka karsaning pangeran„ (4) **jen papren ahane wong Walanda bakal mendak** (kendak) sarta **bakal nungule paprentahane wong Djepang** ana ing kene. Jaiku tegese: (5) **Paprentahane wong Walanda iku (bakal) diusir dening Djepang sing kalah perange.**

(6) Nanging ajwa kaliru,

(7) sumurupa kanda kang tinamtu,

(8) nadyan mendak mendake gunung wus pasti,

(9) masih katon tabetipun,

(10) beda lawan djurang gesong.

(6) Ananging den eling lan adja kongsi salah pangira, awit (7) kawruhana ing udjaring wetja kang wus tinamtu, jaiku kang bakal kalakon mau, (8) amarga **sanadyan paprentahane wong Walanda iku kendak (kasor), ananging mungguh kendake paprentahane wong Walanda mau, kaja bebasan mendake gunung ksb, (9) mula ija wus masti bakal katon tilase (bekas),** (10) dadi ija beda manawa karo paprentahane wong Djepang iku.

(11) Nadyan bisa mbarendjul,

(12) tanpa tawing enggal djugrugipun,

(13) kalakone karsaning Hijang wus pinasti,

(14) jen ngidak sangkalanipun,

(15) sirna tata estining wong.

(11) Apa sababe? Mula mangkono djalaran sanadyanta paprentahane wong Djepang iku bisaa muntjul (nungul), utawa unggul menang djurite (perange) mungsuh lumawan ing paprentahane wong Walanda, (12) nanging ing sarehne wong Djepang mau ora betjik lan ora ngadil utawa tanpa tepa2 sarta paprentahane tanpa budhi paramarta mula wong (paprentahan) Djepang ija mesti bae enggal banget djungkare, runtuh paprentahan lan nagarane. (13) Anadene mungguh kalakone wiwit obah2aning mendake paprentahane wong Walanda utawa munggule paprentahane wong Djepang ana ing kene iku wus pinasti dening karsaning Pangeran, (14) manawa ngantjik ing tahun Sangkala (Tjandrasangkala/tahun Djawi) jaiku ing (15) angkaning tahun 1850 (Tjandrasangkala), ija ing kono wiwit anane wong2 Djepang pada ngeDjawa.

(16) Sasedyane tanpa dadya,

(16) Dene jen ing mangko wus wajahe ing tahun 1850 Tjandrasangkala utawa

wiwit mratahe wong2 Djepang ngeDjawa ksb. ija ing kono iku wiwitaning djaman bebendu, tegese djaman wilalad, sarta ija ing mangsa iku (samana) pikiran lan kekarepaning manungsa kang ginajuh tanpa dadi, samono uga (17) kang tjinipta uga ora bisa tumeka. (18) Dene kang arera-ton, nagara2 lan paprentahane pada rantas, amarga (19) pada ngangkah ing kaluhuran, nanging sarehne angkahe angkaramurka, mula ing wekasan ija bandjur tinemu asor, djalaran luput saka ing wewatone kukum budhi kang ngadil2.

(17) satjipta tjipta tan polih,

(18) kang reraton raton rantas,

(19) mrih luhur asor pinanggih,

(20) bebendu gung anekani,

(21) kongas ing kanistanipun.

(22) wong agung nis gungira.

(23) sudireng wirang djrih lalis.

(24) ingkang tjilik tan tolih ring tjilikira.

(25) Wong alim alim pulasan.

(20) Anuli sawuse manungsa lan bangsa2 wus kaduk anggone pada ngegungake angkara-murka, ing kono bandjur katekan bebendu gede, (21) sarta ija ing sadjroning bebendu mau kahanane manungsa temah saja kongas kanistane, djalaran (22) wong2 kang agung luhur temahan dadi pada ilang kaluhuran lan kahurmatane. Mula sawise kadadejan wong2 agung sirna kaagungane, (23) ing wekasan dadi kuwalik budhine, marga dene bandjur pada wani ing wirang wedi ing pati. (24) Ing sarehne wong2 agung mau wus pada sirna dradjad kaluhuran lan kahurmatane awit dene anggone wus pada wani ing wirang lan wedi mati iku, wekasan bandjur dadi ilang prabawane tumrap marang saandahane wong2 tjilik, mula kang mangkono mau uga bandjur andjalari ing wong2 tjilik temah ora ngrumangsani anggone pada dadi wong tjilik, sarta anuli bandjur andjalari wong2 tjilik pada wani marang wong gede, amarga rinasa dumeh sapele budhine asor lan nista. (25) Sabandjure ing sadjrone djaman bebendu mau ing kono dadi kahananing

(26) ndjaba putih ndjero kuning,

(27) ngulama mangsah maksijat,

(28) madat madon minum main,

(29) kadji kadji ambanting,

(30) dulban ketu putih mamprung,

(31) wadon nir wadonira,

(32) prabawa salaka rukmi,

(33) kabeh kabeh mung marono tingalira.

(34) Para sudagar hingargya,

(35) djroning djaman keneng sarik,

(36) marmane saisining rat,

wong2 alim katemahan amung pada alim alime pulasan bae, (26) ing ndjaba tata lahire udjare sutji, putih, resik, ananging ing ndjerone satemene atine ala druhaka, angkara-murka, jaiku kuning rupane, tegese kaja wateke Batara Kala. Dadi udjare alim ksb. sanjatane ora tulus ndjaba ndjero, djalaran ing batin salugune amung ngaja melik pakoleh. (27) Dene para ngulama bandjur akeh kang pada karem marang panggawe ala kang nenuntun marang maksijat, anerak sarak, sarak ginawe kekudung kanggo nradjang lelaranganing Agama, upamane (28) madat madon minum main lsp. (29) Saja maneh dumadakan kadji2 ambanting ing (30) serban lan ketune putih binuwang sebrung kadi pratingkahe wong kawuron (mabuk); (31) utawa maneh ing sadjroning wektu iku, samana wong2 wadon (kaum wanita, kaum putri) bandjur ilang martabate, tegese sirna kadjatening kawanitane, (32) awit tingale bandjur mamrih marang kahanan lahir pandeng ing barang2 gebyaring emas salaka inten kang melik2, (33) mangkono kalumrahane kang akeh2, dadi sakabehe mau prasasat amung pandeng marang harta banda kajadene emas salaka inten kang pada den imanake. (34) Sabandjure, ija ing wektu iku kaum sudagar utawa bangsa sugih bae kang den hurmati, (35) mangkono mungguh kahanan kang aneng sadjroning djaman sarik mau, (36) mulane manungsa2 ing saisining

(37) sangsarane saja mentjit,

(38) nir sad estining urip,

(39) iku ta sangkalanipun,

(40) pantoging nandang sudra,

(41) jen wus tobat tanpa mosik,

(42) sru nalangsa narima ngandel ing Suksma.

ndjagad rat (37) pada nandang sangsara sangsaja mutjak, akeh kang nemahi kasrakat, (38) kasangsaran kang kaja mangkono mau tumekane ing tahun 1860, (39) iku angkaning tahun Sangkala (Tjandrasangkala), (40) ing wektu iku (samana) kahanane ngasudra-papa entek2an, (41) ing wekasan satemah pada tobat pada pratjaja marang kang Amurbeng titah kalajan seru mungkul patobate saengga tanpa nganggo mobah mosik, (42) salijane amung anggone pada banget nalangsa sarta pada pratjaja ngandel marang kawasaning Kang Murbeng Alam.

(43) mBok parawan sanggawang duhkiteng kalbu,

(43) Ing sadjrone djaman iku, para sardjana lan para sudjana utawa para pudjangga rumangsa banget sedih susah atine, amarga ora betah ngrasakake hardaning kahanan kang kaja mangkono mau, mula sawuse pantog puteking pamikir, wekasan bandjur amung kari sanggawang bae dene susahing ngati tanpa upama.

Makaten kawontenan2 ing wetjanipun Ki Djaka Lodang ingkang wonten ing salebetipun djaman sarik ksb. ngantos ing rehning sangetipun kasisahan sarta sangeting prihatosipun para sardjana para sudjono miwah para pudjangga wau, ing

(44) Djaka Lodang nabda malih,

ngriku *(44)* Ki Djaka Lodang wèlas ningali, nunten angandikani malih kadi angengimur dateng ingkang sami nandang prihatos, supados samija lipur sungkawanipun saha sampun ngantos sanget2 anggenipun sami sisah tuwin prihatosing manahipun. Menggah pangandikanipun Ki Djaka Lodang ingkang kadi pangimur2 wau makaten: *(45)* "He, para kita kang pada eling, adja banget kadawa2 anggonira pada nandang susah lan prihatinira iku, amarga sanadyanta kahananing wahanan kang wus uga kaja mangkono mau, nanging satemene ing besuk *(samanten)* amasti bakal ana marmane, jaiku karanane kang dadi wewatese, *(46)* awit dene udjare wetja kang wus pinasti saka ing pepestening Pangeran. *(47)* Ananging sanadyata kaja uninìng wetja kang dadi ing marmane kang kaja bakal kaandarake ing mang-

(45) nanging ana marmanipun,

(46) ing wetja kang wus pinasti,

(47) estinen murih kalakon.

ko, ewa samono kita uga pada angestija supaja bakal bisaa kalakone kadadejaning pandjangka mau.

(48) Sangkalane masih nunggal djamanipun,

(48) Mungguh ing tahune Tjandrasangkala, iku isih anunggal djaman.

(49) neng sadjrone madya akir,

(49) Jaiku ana sadjeroning pungkasane tengah2aning djaman.

(50) wiku sapta ngesti ratu,

(50) Ing kono peparengane angkaning tahun 1877 Tjandrasangkala

(51) ngadil parimarmeng dasih,

(51) bakal praptane ngadiling Hyang Kang Maha Sutji marang kita kabeh (bangsa Indonesia)

(52) ing kono karsaning manon.

(52) djalaran ija aneng sadjroning tahun iku karsaning Pangeran anggone ndawahake kamurahane marang para kita kabeh bangsa sanuswantara iki.

(53) Tinemune wong ngantuk anemu ketuk,

(53) Anadene mungguh wudjuding kanugrahan utawa sakehe kanugrahaning Pangeran kang linimpahake marang kita kabeh mau, iku kongsi kaja bebasan: tinemune wong ngantuk anemu ketuk, tegese tanpa kinira2 tumibaning kabegdjan mau,

(*) tahun Umum (masehi) 1945

(54) malenuk sâmargi margi,

(55) marmane bungah kang nemu,

(56) marga djroning ketuk isi,

(57) sesotya kantjana abyor.

(54) djalaran ija ing wektu iku (samana) saindenging Nuswantara ing ngendi2 panggonan pada mardika wudar saka pandjadjahane wong (paprentahan) Walanda, (55) mula kita kabeh bangsa Indonesia kang pada nemu (antuk) kamardikan ija bandjur pada banget bungahe (56) amarga ing sadjrone kamardikan mau isi, (57) samubarang pawetu (kekajaan) kang edi peni kang gede banget adjine kajadene sesotya kantjana kang abyor jaiku pametune djagad Indonesia kabeh kang ngasilake sarta dadi kasugijaning para kawula (rakjat) sa Nuswa bangsa.

5: MURAD MAKSUDING WEDARAN

DJANGKANIPUN

SANG PUDJANGGA

ingkang kaendakaken

dateng

KI DJAKA LODANG

(kasebat ing ngadjeng)



1) Djaka Lodang gumandul. Maksudipun Djaka Lodang pitados (pitaja), gumantung utawi gumandul. Dados tembung gumandul wau werdinipun kados anedahaken tumraping kapitadosan dateng Pangeran. Dene kapitadosan ingkang kamaksudaken, rehning ukaraning djangka punika

katudjokaken dateng ramalaning djaman, mila kapitadosan ksb. inggih katumrapaken dateng kawontenan? ingkang bade kalampahan, sarta ing rehning kawontenan? wau kados sampun awit karsaning kodrat, mila Sang Pudjangga ladjeng anggantungaken kapitajanipun kemawon dateng Pangeran utawi asrah masa bodoa tumrap kados pundi kawontenaning nasib kita awon utawi saenipun manawi bade kadadosan ewah?aning djaman (overgangsperiode) ingkang tamtu bade kita alami ing nalika wekdal punika (samanten), inggih ing salebeting kawontenanipun ramalaning djangka punika.

(2) Praptaning pang ngetengkrang srumuwus. Maksudipun sadumugining mangsa-kala Ki Djaka Lodang inggih Sang Pudjangga kados boten mawi sumelang utawi uwas? anabda (sesorah) kalajan sora (suara keras). Tembung mangsa-kala punika ing ngriki winardekaken saking tembung pang

utawi epang, pinirit saking laras?ing ukara saking saderengipun ingkang mungel gumandul wau, dados menggah tembung ingkang gumatok, inggih punika: gumandul ing pang (ngepang). Ananging ing sarehning ukara punika ladjeng tumrap wonten ing djangka ramalaning djaman, dados punika sanes tembung ingkang tumudju dateng panging wit?an, mila pang (epang) wau mbok manawi ladjeng anggadahi maksud trap?aning djaman utawi inggih ɛretos kawontenaning mangsa kala wau, utawi ing ngriki bilih ing tembung kita basa Indonesia winastan *suatu ketika pada masa peralihan* (ewah?an), ing tembung mantja limrahipun ladjeng winastan overgangsperiode. Ing saladjengipun ukaraning tembung: ngetengkang sru muwus. Maksudipun inggih ing sasampunipun dumugining trap?aning djaman ewah?an wau, ing ngriku Sang Pudjangga inggih Ki Djaka Lodang ladjeng ngetengkrang, tegesipun kados lenggah ngetengkrang sarwi anabda (witjanten) sora, punika mbok manawi tjetanipun ingkang kamaksudaken dening Sang Pudjangga ing sasampuning datengipun overgangsperiode wau, anunten ladjeng wiwit kawedaraken ramalaning djangkanipun, sarta ing rehning sampun waskita ing saniskara, dados anggenipun angandikakaken wetjaning djangka ksb. anunten boten mawi ringa? utawi ragu? kados upaminipun tijang lenggah ing sak saketjanipun klajan ngetengkrang etja? boten mawi sumelang utawi wigih?, punapa malih suwantening pangandikanipun sarwi sora (seru) supados sageda kapireng dening umuming tetijang katah inggih dumateng kita sadaja

sabangsa punika. Mangsuli maksud?ipun tembung pang utawi epang ksb. wau, jen kita tlisir, ungeling djangka ingkang makaten wau (praptaning pang ngetingkrang sru muwus), punika kados sampun limrah bilih ing saben2 angger para pamedar sabda ingkang tumudju dateng tetijang katah utawi dateng umum punika ladjeng manggen wonten satunggiling panggenan ingkang inggil, kadosdene upami ratu ing djaman kina ladjeng lenggah wonten sitinggil, (siti inggil) utawi kados ugi manawi ing sapunika para pamedar sabda bilih sesorah (pidato) sami wonten ing podium utawi mimbar. Dados jen makaten sabdanipun Sang Pudjangga wau upaminipun kasanepakaken kados satunggiling tijang pidato, inggih sampun gumatok, bilih ingkang kamaksudaken pang punika inggih ladjeng kadosdene sawenehing panggenan utawi papan ingkang inggil kados sarupinipun podium utawi mimbar utawi ing papan inggil (sitinggil). Menggah sabda pandjangka (ramalan)ipun makaten:

(3) **Eling eling pasti karsaning Hyang Widhi.** Maksudipun punika sampun tjeta menggah ingkang pinikadjengaken Ki Djaka Lodang wau, kadjengipun awewarti ing pepenget, utawi angengetaken bilih **sampun tamtu dening karsaning Pangeran** kawontenan ing nalika punika (samanten) utawi wonten salebetipun ing djangka ksb, ing ngriku bade angalami tataran2ing mangsakala (wahjaning mangsa-kala), ingkang bade kadjarwakaken sadaja punika, awit sampun dados papasten ingkang boten kenging

sininggahan, dene papasten wau inggih punika bade kalampahanipun kawontenan kados ksb. ngandap punika:

(4) **Gunung mendak djurang mbrendjul.** Maksudipun punika pasemon (saloka), **gunung** punika sanepanipun **paprentahan Walandi, djurang** punika sanepanipun **paprentahan Djepang.** Dados **gunung mendak**, punika aretos **paprentahan Walandi ingkang kadadosan mendak,** tegesipun kendak, ngendek (kendek) mlelep utawi mendelep. Dene **djurang mbrendjul,** punika aretos **paprentahan Djepang ingkang kadadosan munggul,** tegesipun nungul, muntjul utawi mantungul (mentongol) lsp. pramila ing ngriku saladjengipun wedaraning sabda ladjeng katjetakaken:

(5) **Ingungsir pradja prang kasor.** Tegesipun punika **diusir** (digusah, disingkirake) **dening pradja sing kalah perange.** Dados jen makaten sampun njata, bilih **gunung mendak djurang mbrendjul ingungsir pradja prang kasor** ksb, punika ingkang dipun maksudaken ingkang terang lan njata, tegesipun: **paprentahan Walanda kendek** (mandelep), **paprentahan Djepang nungul** (munggul), utawi terangipun malih **paprentahan Walanda diusir dening Djepang sing kalah perange.** Anunten saladjengipun wedaraning sabda malih makaten:

(6) **Nanging ajwa kaliru.** Tegesipun: nanging adja kliru. Terangipun punika anjarijosi dateng kita, supados kita sampun ngantos klintu pandalih, bilih paprentahanipun tijang Walandi ingkang sampun dipun usir dening Djepang ksb. ladjeng namung bade kandeg samanten kemawon, mila kita inggih taksih kaengetaken malih, supados samija kijat kapitadosanipun dateng udjaring wetja ksb. makaten ungelipun:

(7) **Sumurupa kanda kang tinamtu.** Tegesipun kita sami njumerepana (menginsjafi) ing kanda ingkang sampun bade pasti kadadosan. Bade kadadosan punapa? Ing ngriku ladjeng kanjatakaken malih makaten:

(8) **Nadyan mendak-mendake gunung wus pati.** Tegesipun makaten: **sanadyan semendak2ipun utawi saambruk2ipun paprentahanipun tijang Walandi, punika amasti:**

(9) **Masih katon tabetipun.** Maksudipun taksih katingal tilasipun, utawi bekasipun. Dados tjetanipun malih punika: **menggah sadjatuh2ipun paprentahan Walandi wonten ing Indonesia ngriki punika, sanepanipun kadosdene mendakipun redi ingkang tamtu taksih katingal utawi wonten bekas2ipun, dados boten saged itjal mbabarmisani,** utawi boten saged itjal blas ing sanalika punika wau.

(10) **Beda lawan djurang gesong.** Tegesipun benten kalijan djurang nggronggong utawi growoh. Ukara punika taksih sambetipun saloka bilih samendak2ipun redi ingkang taksih katingal tabetipun punika wau amasti benten sanget menggahipun kawontenan bilih kabandingaken kalijan kawontenaning djedjurang growoh ksb. Djalaran djurang growoh punika winastan ringkih ngutawatosi, dados tjetanipun kalih pada (9,10) punika anerangaken: **sa djatuh2ipun, paprentahan Walandi anggenipun kawon perang (ambruk nagarinipun paprentahanipun wonten ing ngriki), punika wau tamtu boten kalijan kamimpangan (kemenangan) ipun Djepang ksb.**

(11) **Nadyan bisa mbarendjul.**

(12) **Tanpa tuwing enggal djugrugipun.** Tegesipun kalih pada punika, *sanadyan Djepang wau mimpang djuritipun, saged ngusir (ngawonaken) paprentahan Walandi wonten ing ngriki,* nanging ing sarehning kados kawontenanipun djedjurang ingkang growoh mbebajani, utawi boten saenipun anggenipun boten ngadil utawi boten tepa2 tandukipun (sikepipun), utawi paprentahanipun tanpa budhi paramarta, pramila kawontenanipun inggih ladjeng boten kijat, awit ladjeng boten benten kadosdene djedjurang ingkang tanpa tetawing (fondamen) saha ingkang *amasti kemawon ladjeng gampil sanget ambruk lan djatuhipun kawontenaning paprentahan lan nagarinipun.*

(13) **Kalakone karsaning Hyang wus pinasti.** Tegesipun kalampahanipun awit saking karsaning Pangeran sampun pinasti, sampun kapastekaken. Maksudipun, ing ngriki inggih punika kalampahaning wiwit mendakipun paprentahan Walandi utawi wiwit ebahipun ada?ning tetijang Djepang utawi kenging winastan wiwit pangadjawinipun tetijang Djepang detang ngriki *(Indonesia)*. Saladjengipun anunten katerangaken ing wantjinipun *(masanipun)* punika wau :

(14) **Jen ngidak sangkalanipun.** Tegesipun: jen wus ngantjik ana ing tahun Sangkala. Ing ngriki perlu katerangaken menggahipun tahun Sangkala punika. Tahun Sangkala punika limrahipun dipun wastani tahun Saka *(Caca)*, ananging petanganipun wonten kalih rupi, inggih punika ingkang limrahipun dipun wastani Tjandrasangkala, tuwin Surjasangkala. Tahun kekalih (Tjandrasangkala lan Surjasangkala) punika gadahanipun tijang Djawi/Indonesia pijambak, dados inggih punika ingkang winastanan tahun kita ingkang asli utawi inggih winastan tahun nasional saestu. Dene tahun umum ingkang kita angge sapunika, punika winastan tahun Masehi, manut pepetanganipun saking Nabi Ngisa. Ananging, tahun Sangkala, *(Caca)* wau manut pepetangan ingkang dipun bangun dening Empu Sangkala, inggih punika Adjisaka, dados punika gadahanipun kita pijambak wiwit ing purwakala, wiwit angkaning tahun: 1, maturut^{2} hingga sapriki, ingkang ing wekdal punika, tahun kita pijambak wau umuripun sampun dumugi angka: 1888 Tjandrasangkala, utawi jen kaetang ing tahun Surja sampun angka 1834 Surjasangkala. Tahun Tjandrasangkala punika tegesipun petanganing tahun kita ingkang nganut petangan lampah?ing rembulan (wulan), dene Surjasangkala, inggih punika petanganing tahun kita ingkang nganut petangan saking lampah?ing surja *(Srengenge)*. Dados kita ing kina, anggadahi tahun kekalih, wulan kalih, ingkang sapunika wulan wau anunten winastanan mangsa, saladjengipun kita anunten anggadahi petangan dinten ugi kalih, inggih punika dinten pepitu lan dinten gangsal (pekenan utawi pasaran). Mila sampun njata2 bilih kita ing kina^{2} wau anggadahi kabudhajan ingkang luhur (inggil), montjer kalok ing djagad raja. *(*)*

(*) Saladjengipun bilih para nupiksa kirang tjeta bab?ing angkaning tahun ksb saged amirsani wonten salebeting serat Purwa-Bharata utawi Serat Djajabaja Pinardi I ing ngriku wonten katerangan?ipun sawatawis.

(15) **Sirna tata estining wong.** Tegesipun: tahun 1850. Terangipun tembung Sangkalan punika makaten: Sirna watak: 0, tata watak: 5, esti watak: 8, wong watak: 1*)*. Punika tumraping petangan tahun Sangkala ladjeng kawalik, ing wingking dados ngadjeng, ing ngadjeng dados wingking, dados tjetanipun angka: 0581, ladjeng kawalik grembyang dados: 1850. Ananging ing tahun 1850 ksb. ingkang kamaksudaken miturut petangan Tjandrasangkala; djalaran tahun Surjasangkala punika winastan sampun kapedjahaken nalika ing djaman Walandi saha ing saderengipun kawontenaning panjeratipun djangka punika. Saladjengipun terusipun katerangan, inggih ing tahun Djawi (Tjandrasangkala) angka 1850 punika jen kapetang ing angkaning tahun Masehi utawi tahun umum limrah punika, samanten amarengi ing angkaning tahun 1919, saged ugi nalikanipun ing wekdal punika ing ngriku dados arah2 kirang langkungipun mratahipun tetijang saking tanah Djepang wonten ing tanah Djawi inggih ing Indonesia punika. Malah2 enget kula nalikanipun ing wekdal samanten, kados usumipun tetijang Djepang sami ngobralaken barang2ipun mawi tjara mawarni2, kadosdene samanten wiwit wontenipun model senggotan utawi gimeran, utawi untung2an lsp; malah2 samanten, ugi kula taksih enget dening ramalan2ipun sawenehing tetijang, kados wonten barang obat2an ingkang saking Djepang, dipun wastani Djintan, punika dening tetijang wau dipun ramali saking tjekakan (singkatan)ipun tembung: Djepang Ingin Tembak Antero Nederlandsch Indie. Makaten menggahing enget kala nalika modalipun kawontenan ing wekdal antawisipun tahun 1919 utawi 1850 th. Djawi ksb. bab punika sampun tamtu para pandjenengan ingkang sami ahli2 bade langkung saged nggambaraken ingkang langkung2 kaleresanipun.

(16) **Sasedyane tanpa dadya.** Tegesipun sasedyanipun boten saged dados. Makaten saladjengipun wedaraning djangka ksb, maksudipun, inggih ing salebetipun wiwit ing angkaning tahun 1919, utawi wiwitipun wahjaning mangsa-kalaning djaman (overgangsperiode) wau ing ngriku anunten punapa2 ingkang kita kadjengaken utawi ingkang kasedya boten tumandja, dados awuk, tanpa damel, utawi boten saged kadadosan (sia2).

(17) **Satjipta-tjipta tan polih.** Tegesipun punapa ingkang kita tjipta inggih boten saged makantuki, boten angangsalaken, utawi boten amakolehi, dados kalih pada (16, 17) punika retosipun sami kemawon, nedahaken bilih samukawis gegajuhan (tjita2)

ing nalika punika (samanten) boten saged makantuki punapa2, utawi baten paedah, hasilipun namung 0 (nul) kemawon, sanadyanta sarupining gegajuhan ksb. wau menggahipun ing kapribaden utawi tumrap bebrajan.

(18) **Kang raraton-raton rantas.** Tegesipun ingkang sami areraton sami rantas utawi dadal. Dados wedaraning wetja punika boten amung tumudju tumrapipun kawontenan ing ngriki kemawon, nanging inggih sanadyan ing lintu2 nagari sadjagad rat, pararaton ing donja, ing pundi2 panggenan nagari2 utawi paprentahaning bangsa2 katah ingkang sami ngalami karisakan, dadal utawi rantas. Kawontenan punika kaetang wiwit ing sasampunipun perang donja ingkang kapisan, ngantos ingkang kaping kalih, wiwit ing tahun 1918/1919 ngantos dumugi ing tahun 1941 (th. umum), punika kaparajektos bilih boten sakedik nagari2 mantja ingkang sami kabrasat dadal rantas bosah-basih dening kawontenaning dahuru (huru-hara) ning peperangan, kados dene ing nalika samanten wiwit wontenipun, perang saderek ing Spanjol, nunten Itali Itopi perang saderek ing Tiongkok, ladjeng wontenipun peperangan Tiongkok Djepang utawi ladjeng mbledosipun perang donja ingkang kaping kalih, dadalipun nagari2 ingkang sami katjaplok (kaanslus) dening Djerman, enget kula ngantos 13 nagari, wusananipun anunten Djerman pijambak ladjeng ambruk (djatuh), sarta anunten kasusul ambrukipun Djepang ingkang bade ngekang Asia, makaten saladjengipun.

(19) **Mrih luhur asor pinanggih.** Tegesipun angarah ing kaluhuran ananging wekasanipun pinanggih asor (nista). Inggih ing saantawisipun sasampuning perang donja sapisan ngantos sadumuginipun perang donja ingkang kaping kalih punika gegajuhaning manungsa sanadyan ugi tumraping pandjangka pulitikipun nagari2 anggenipun sami angangkah ing kaluhuranipun pijambak2 mangka sadaja wau wekasanipun satemah amanggih asor, awit gegajuhanipun kaduk angkaramurka lepat saking dasar2ing budhi kamanungsan utawi kukuming budhi ingkang ngadil (keadilan).

(20) **Bebendu gung nekani.** Tegesipun bebendu ingkang ageng andatengi. Mila sasampunipun manungsa ing bangsa2 sampun sami sanget anggenipun angegungaken hardaning angkara-

murka wau, ing ngriku ladjeng kadatengan bebendu ageng saking karsanipun ingkang Kuwuos.

(21) **Kongas ing kanistanipun.** Tegesipun mubal (kongas) kanistanipun. Kongas tegesipun kambet, utawi ganda, nanging ing ngriki aretos angubalaken (amudalaken) utawi inggih angungasaken ing kanistanipun ksb. dados kawentar asoring bebudhenipun. Ing nalika punika kawontenaning bebrajan wekasanipun ladjeng kadjog (kaprosot), amargi :

(22) **Wong agung nis gungira.** Tegesipun tetijang ageng utawi tetijang luhur (pangkat) ladjeng dados sami itjal kaagunganipun (kaluhuranipun) amargi dene anggenipun ladjeng karem ing lampah nista.

(23) **Sudireng wirang djrih lalis.** Tegesipun wani ing wirang wedi ing pati. Inggih lampahipun budhining agesang ingkang nista (asor) ksb. amargi saking anggenipun tumindak sampun wantun ing wirang adjrih ing pedjah, dados nami agesanging budhi ingkang kuwalik, ing mangka menggah dradjading kaluhuran kautaman punika kedah kados dene bebudhenipun sinatrija. Upami Pantja Pandawa, potjapanipun **katimbang wirang aluwung mati**, utawi manawi perang inggih ladjeng: **katimbang bali ndalan luwih betjik bali aran.** Dados boten wonten bilih ing atasing budhi satrija punika ladjeng wani wirang wedi ing pati, utawi jen perang katimbang bali aran luwung bali ndalan kados pratingkahipun sata Korawa. Saladjengipun, mila inggih sasampunipun tetijang agung katah ingkang sami nir (sirna) kabudhajanipun utawi mrosoting dradjad kahurmatanipun, anunten kadadosanipun wekasan kawontenaning bebrajan nemehi umrik, ejaejo, awit:

(24) **Ingkang tjilik tan toleh ring tjilikira.** Tegesipun ingkang alit boten noleh anggenipun dados alit, utawi para kawula (rakjat) kados boten sami angrumaosi dados kawulaning nagari, utawi ladjeng boten adjrih kalijan tetijang ageng, mila ing ngriku tetijang ageng ladjeng boten kadjen (terhormat) sarta tanpa prabawa lan boten andajani dateng tetijang alit utawi rakjat djelata. Makaten wit milanipun tetijang alit ingkang anunten ladjeng boten toleh anggenipun dados alit ksb. wau.

(25) **Wong alim-alim pulasan.** Tegesipun sampun tjeta. Inggih kawontenan ing salebetipun djaman wau kasebataken katah kawontenaning tetijang alim namung pepulasan kemawon, tegesipun alim ing ndjawinipun kemawon, **kados upami pratingkah-ing Pandita Durna.**

(26) **nDjaba putih ndjero kuning,** ndjawinipun (ing lahir) udjaripun sutji, putih, ananging ing nglebetipun (batosipun) salugunipun awon druhaka, angkara-murka, inggih punika arupi kuning ingkang ateges kados watakipun Batara Kala, djalaran sajektosipun namung ngaja mamrih pakoleh melik dateng kadonjaan utawi ingkang amung tumudju ing kalahiran kemawon.

(27) **Ngulama mangsah maksijat.** Tegesipun punika inggih sampun tjeta maksudipun anjebataken katah para ngulama2 ingkang ladjeng karem dateng pandamel kamaksijatan, tegesipun lelampahan ingkang anerak sarak, liripun sarak kadamel kekudung kangge tindak druhaka ingkang nerak lelantaraning sarak2ipun agami wau, upaminipun karem adamel kapitunaning lintu utawi kapitunaning bebrajan namung perlu kangge kabetahanipun pijambak.

(28) **Madat madon minum main.** Punika inggih sampun tjeta maksudipun sami ugi ing pandamel kamaksijatan.

(29) **Kadji-kadji ambanting.**

(30) **Dulban ketu putih mamprung.** Kalih pada punika maksudipun dados satunggal. Tegesipun inggih ing kawontenan wau katah kadji2 ingkang sami kasupen ing pilenggahing pamungkulipun dateng agami, katungkul dateng lampah kamaksijatan, saingga kados pepaosipun ladjeng ambanting ambutjal serban tuwin ketunipun petak, pambutjalipun mak sebrung (dibuwang sebrung) kados2 ketu utawi serbanipun wau sampun tanpa wonten ginanipun.

(31) **Wadon nir wadonira.** Tegesipun tetijang estri utawi kaum wanita itjal kawanitanipun, terangipun itjal sesipataning kawanitanipun, tanpa wonten martabatipun.

(32) **Prabawa sakala rukmi.** Tegesipun awit kabekta dening prabawanipun emas salaka inten.

(33) **Kabeh-kabeh mung marono tingalira.** Tegesipun sadaja2 amung ing ngriku ingkang kapandeng (ingkang dipun tingali). Tigang pada punika maksudipun gegandengan dados satunggal. Inggih ing kawontenan wekdal punika tetijang estri (kaum wanita) anggening sami sirna sipat utawi dradjading kawanitanipun wau amargi kabekta dening hardaning napsu kadonjan, sipat materialistis nglela tingalipun angimanaken dateng kawontenan gebyaring kalahiran kemawon, rumaos namung bade remen manawi agesangipun saged kaleksanan kasinungan barang2 ingkang pangaos ingkang gebyar2 kemawon. Inggih amargi kawontenaning kaum wanita ingkang makaten punika ladjeng boten mekani tumindakipun ing awon sae margining amrosotaken ing dradjad kawanitanipun, temahan nuwuhaken ing karongehan bebrajaning djalu wanita (djaler estri) ingkang anunten ugi numusi dateng kawontenaning bebrajan umum, amargi hardaning napsu kadonjanipun tetijang estri ksb. wau pratingkahipun ladjeng tumanduk ing umumipun kaum prija, satemah ngabudi lali, makaten saladjengipun, dalah kawontenaning ngalimrah, saking anggenipun sami katah ingkang asipat melik mata duwiten, manawi tijang (lare) estri kalamar dening tijang djaler inggih ladjeng tansah mawas ing banda harta kemawon, utawi dateng pangkat lahir, dados boten toleh ing pangkating kabatosan utawi kasaenaning budhi lan kalakuwanipun, makaten saladjengipun.

(34) **Para sudagar hingargya.** Tegesipun para sudagar diadjeni.

(35) **Djroning djaman keneng sarik.** Tegesipun ing sadjroning djaman kang kena ing sarik (sibat). Kalih pada punika larasing maksud gegandengan, tegesipun inggih ing salebetipun djaman ksb. ing ngriku bangsa (kaum) sudagar sami dipun aosi (diadjeni). (hingargya = diadjeni). Bangsa sudagar ing ngriki maksudipun para tetijang sugih, para hartawan, kaum kapital utawi kaum modal. mBokmanawi ugi ing wekdal punika nalika ngrebda?nipun bangsa (kaum) sugih, saha samanten wantji ungkrabipun kaum kapitalis ingkang amarah?, ladjeng andjalari timbuling kawontenan dados aradan pangupadjiwa ingkang anunten winastan djaman krisis malaese, nedeng?ipun kamlaratan tuwin kasangsaranipun tetijang alit (rakjat djelata) sadjagad rat, saha inggih ing wekdal punika ing nagari kita ngriki ladjeng wiwit ambyaripun proletarisme lan marhainisme ingkang sakelangkung anti dateng systeem utawi pengaruh? kapitalisme lan imperialisme.

(36) **Marmane saindenging rat**. Tegesipun mulane saindenging djagad.

(37) **Sangsarane saja mentjit.** Tegesipun sangsarane sangsaja mutjuk (mutjak). Kalih pada punika sampun tjeta punapa ingkang kamaksudaken wonten salebetipun djaman ingkang sampun kasebat nginggil, kados pundi kawontenan kamlarataning kawula alit ing wekdal wau amargi kaingsep ing kaum sugih, kaum kapital imperialis angradjalela, dados andjalari kamlaratan lan kasangsaraning tetijang alit telas2an .

(38) **Nir sad estining urip.** Tegesipun ing tahun 1860, Tjetanipun: Nir watak : 0 (das), sad watak : 6, estining saking esti watak : 8, wong watak : 1, nunten kawalik dados angka 1860.

(39) **Iku ta sangkalanipun.** Tegesipun inggih punika ing tahun Sangkala (Tjandrasangkala 1860 ksb.).

(40) **Pantoging nandang sudra**. Tegesipun pantogipun nandang kasudran. Ing ngriku tembung sudra punika kamaksudaken nista, saha ing sarehning kawontenan samanten wonten salebetipun djaman sarik ksb, mila kawontenaning agesangipun tetijang winastan ngantos mutjak budhi kanistanipun. Dados sudra wau ing ngriku ateges sudra papa, asor mlarat utawi nista, Nanging sanes Sudra ingkang amaksud saking namining bangsa utawi kaum ingkang ateges sudra saking pangkating bangsa ambumeni panataning ulah patanen kados nalika ing djaman Budha (*).

(41) **Jen wus tobat tanpa mosik.** Tegesipun sareng sampun tobat ladjeng mboten mawi mosik.

(42) **Sru nalangsa narima ngandel ing Suksma.** Tegesipun sanget nalangsa sarta anarimah kalajan pitados dateng ingkang Kuwaos. Kalih pada punika sampun terang maksudipun, tjetanipun, inggih ing salebetipun wekdal samanten, sasampunipun kawontenan memutjak kanistanipun, utawi inggih ing sasampunipun pantog kasudranipun, ing wekasan ingkang sami sinung kaengetan anunten sasampuning tobat dateng ingkang Kuwaos satemah kondjem rumaos tanpa daja lan kekijatan, amung sumarah saha sanget ing panarimah tuwin pitados dateng pepastenipun ingkang adamel gesang.

(*) Bab pepangkataning bangsa (kasta?) punika maosa keterangan ing wingking.

(43) **mBok parawan sanggawang duhkiteng kalbu.** Tegesipun menggahing tembung wetah : mbok parawan sanggawang susah atine. Ing ngriki mbok parawan punika kamaksudaken para ngalim utawi para budhi kapanditan saha para sardjana utawi para sudjana, tuwin para pudjangga utawi para achli raos ingkang sami mungkul ing budhinipun Makaten tjetanipun : mbok parawan, mbok ateges pawestri, werdinipun kaum (bangsa) lemah utawi lemes, punika mbok manawi retosipun inggih katudjokaken dateng para ulah kabudhen para manggalih sabar darana utawi para ulah ing raos lan kabatosan. Dene parawan inggih punika prawan tegesipun, tijang lemah (sabar djatmika) tur ingkang taksih resik (murni), inggih punika ulah kasutjen, para ulah kabudhen utawi kabatosan lsp, wau kalebet kaum ngalim (amargi lemah, lemes) tur sutji kados upaminipun prawan ingkang taksih murni ksb. Dados tembung mbok parawan wau mestinipun inggih maksudipun para sardjana utawi para sudjana lan para pudjangga lsp. wau ingkang sami meleng lan miraos dateng angen2 tuwin gegajuhan ingkang linuhung. Ing nalika wau, para ahli kapudjanggan utawi para ingkang sumungku ulah kabudhen kados2 sampun boten betah ningali hardaning kawontenan ingkang mutjak makaten wau, pramila sagedipun anunten muhung prihatos, rumaos boten saged maranani pambudidaja, temahan pantoging prana kantun meminta ing sih kamirahaning Suksma, dimugi Hyang kang Murbengalam paring pangapunten amrih enggal kaluwaraning djaman sarik utawi djaman bedendu kasebat wau.

(44) **Djaka Lodang nabda malih.** Tegesipun Djaka Lodang ngandika malih. Sasampunipun para ingkang ambek kabudhen utawi kapanditan, para ngalim sardjana sudjana utawi para pudjangga sami mutjak ing kasisahan tuwin prihatosipun anggenipun ngraosaken kawontenaning bebendu wau, ing ngriku ki Djaka Lodang (sang Pudjangga) welas ningali, anunten ladjeng ngandikani malih kados angengimur dateng ingkang sami prihatos, supados ingkang sungkawa samija lipur saha sampun ngantos sanget2 anggenipun angraosaken, menggah sabdanipun malih wau makaten :

(45) **Nanging ana marmanipun.** Tegesipun, nanging (bade) wonten milanipun, utawi bade wonten nugraha lan kawelasan (ning Pangeran), inggih punika karana (djalaran) ingkang bade dados wewatesipun kawontenan ingkang makaten wau.

(46) **Ing wetja kang wus pinasti.** Tegesipun sampun tjeta, inggih ingkang kasebat wonten ing wetjaning djangka ingkang sampun pasti (kapastekaken) dening karsaning ingkang Kuwaos.

(47) **Estinen murih kalakon.** Tegesipun udinen (kabudija) murih sagedipun kelampahan. Tembung panika angengetaken dateng kita ing nalika punika, sanadyanta ing ngriku udjaring wetja ingkang sampun pinasti kados udjaring djangka ksb, estu[2] bade kadadosan, ewasamanten kita inggih boten kenging ladjeng namung kandeg pitados kemawon, utawi ladjeng namung sapasrahngalah kemawon, nanging ing ngriku kita inggih kapurih ambudidaja utawi angesti dateng punapa bade dawahing pepasten wau, dados terangipun kedah amasta ing pasti, ngihtijari ing kadar, utawi miradati dateng ing kodrat, amrih sagedipun kaleksanan ing atasing gegajuhan kita sadaja wau. Dados tjetanipun malih, sanadyan ugi djangka ksb. sampun pasti dawahipun, nanging manawi kita ladjeng boten waspaos saderengipun, punika pakantukipun gampil nemahi tuna lepat, kabesturon, awit kalepyan dene lirwa ing pasta ananging anggajuh pasti ing panglamunan, wasana samangsa dawahing pasti saestu temahan boten saged amitajani. Ing mangka pepaosipun witing pasti punika njata, ing pundi kita sumerep pasti ing saderengipun kanjatahan(?). Ananging kita pitados ing pasti wau, amargi lwiring kawontenan ingkang kadadosan[2] punika kanjatahanipun kapara jekti. Dados, punapa ingkang ksb. ing dalem djangka wau salugunipun nedahaken kalampahaning wontenipun pasta lan pasti dateng kita prasami, perlunipun, sasampunipun kita saged mangertos gegambaranipun bade dawahing pasti, anunten kita wau ladjeng sageda adamel pasta, tegesipun warana, sarana, utawi iktijar ingkang tumudju dawahing kadar.

(48) **Sangkalane masih nunggal djamanipun.** Tegesipun tahunipun Sangkala (Tjandrasangkala) taksih anunggil djamanipun.

(49) **Neng sadjrone madya akir.** Tegesipun wonten salebetipun akir tengahaning djaman. Satunggal djaman punika 100 tahun. Dados madya akir ing djaman punika kirang langkung antawisipun angka 75, kados ingkang bade kasebat ngandap ing tahun 1877 Tjandrasangkala. Punika boten geseh wonten ing madya akiring djaman ingkang kaping 19 (abad ke: 19).

(50) **Wiku sapta ngesti ratu.** Tegesipun ing tahun 1877 Tjandrasangkala. Wiku watak : 7, sapta watak : 7, ngesti watak : 8, ratu watak : 1. Dados terangipun : 7781 ladjeng kawalik dados 1877.

(51) **Ngadil parimarmeng dasih.** Tegesipun ngadil kamirahaning Pangeran kalimpahaken dateng dasihipun, inggih para kawula (umatipun) ing atasipun kita sadaja bangsa (Indonesia) punika.

(62) **Ing kono karsaning Manon** Tegesipun ing kono karsaning Pangeran.

(53) **Tinemune wong ngantuk anemu ketuk.** Punika bebasan menggahing kabegdjan ingkang tanpa kininten?. Inggih kabegdjan punika saking parmaning Pangeran dateng kita anggenipun paring kawelasan utawi kamirahan ngantos saengga bebasan tinemune wong ngantuk anemu ketuk. Nanging punika kajektosanipun, manawi ngantukipun kita wau, amargi saking anggenipun mentas sisah, awit sangeting prihatos wau, satemah katarimah ing pamudyanipun (panalangsanipun), nunten manggih begdja lan kanugrahan ingkang sakelangkung agengipun.

(54) **Malenuk samargi-margi.** Tegesipun punika sampun terang. Dados inggih wudjuding kamirahan utawi kabegyan wau ngantos boten kantenan ing pundi? panggenan saindenging Nuswantara sami merdika wudar saking pandjadjahanipun bangsa Walandi.

(55) **Marmane bungah kang nemu.** Tegesipun mila ingkang sami manggih bangsa kita inggih sanget sami bingah saha suka parisuka

(56) **Marga djroning ketuk isi.** Tegesipun amargi ing salebetipun ketuk (kamardikan) kita punika isi :

(57) **Sesotya kantjana abyor.** Tegesipun punika sampun terang. Tjetanipun inggih salebetipun kamardikan kita punika wau isi samukawis pawedal ingkang adi peni kadosdene sesotya kantjana lsp. inggih punika pawedaling djagad Indonesia sadaja ingkang sanget ageng hasilipun dados kasugjan (kekajaanipun) para kawula (rakjat) sadaja.

T I T I.

Katerangan namaning bangsa (kaum)

Kasebat ing Serat Pustakaradja djilid V, nalika djamanipun Prabu Dwipakeswara (Parasara) Ratu Ngastina III, sakatahing bangsa wau pinatah ing damel sowang2, tjetanipun makaten :

1. Bangsa Brahmana, pinatah ambumeni panataning ulah Agami,
2. Bangsa Satrija, pinatah ambumeni panataning ulah nagari,
3. Bangsa Wasya, pinatah ambumeni panataning ulah padukunan (jen sapunika bab kesehatan lsp.).
4. Bangsa Danudja, pinatah ambumeni panataning ulah kaprawiran,
5. Bangsa Daneswara, pinatah ambumeni panataning ulah agramen amandjangaken harta pradja.
6. Bangsa Sudra, pinatah ambumeni panataning ulah patanen.
7. Bangsa Raksasa, pinatah ambumeni panataning ulah wewanan, grema, tuwaburu utawi negor wreksa, usung2, angkat djundjung ing sapanungpilanipun. ***[Bangsa raksasa punika jen sapunika sampun boten wonten].***

Manut katrangan punika dados bangsa wau ing ngriku ateges kaum, ingkang kabekta saking *tingkat/kelas* ing pakarjan saha pandamelan utawi bakat tuwin kaahlenipun. Miturut tjarios2 ing kina2 pranataning nagari tumrap dateng bangsa pepitu wau dipun atur sanget premati, perlunipun ndjagi katertiban ing lampah2ing pranatan, djalaran manawi punika boten kaatur, utawi manawi sanes tukipun ladjeng dipun tukaken, boten wande lampahing pranatan dados tumpangsuh.

Dados tjetanipun kaahlen utawi kaum (bangsa) wau inggih sami ugi kalijan jen samangke kados ingkang winastan *keachlian* utawi *bakat* ksb, utawi inggih kapirit saking bakating kadjiwan ugi. Awit, sanadyan pikiran lantip utawi tjerdas nanging bilih kalantipan wau kadjiwanipun tumudju dateng kekareman ingkang angegungaken kangge kauntunganipun pijambak kemawon, lah, punika jen kaetrapaken dateng bangsa Satrija utawi bangsa Danudja amasti inggih boten matuk, makaten saladjengipun bilih dasar2ing bakat utawi kadjiwanipun wau dateng patanen, punika ingkang matuk inggih kedah ambumeni ulah patanen.

Mila wontenipun bangsa pepitu wau ing nalika samanten inggih sae sadaja, nanging kelas utawi bangsa [kaum] wau samanten dereng wonten model2 tambahanipun tembung strijd ingkang ladjeng dados klassenstrijd kados samangke ingkang sering karembag2. Inggih sadaja wau boten rumijin boten samangke, sampun malih bab pangkat, lambok menapa kemawon bilih antawising satunggal lan satunggalipun punika ladjeng karem andupehaken dateng lintu. annjaekaken [angegungaken] dirinipun pribadi, inggih sampun temtu kemawon leregipun nunten dados strijdprogram; dados wosipun namining bangsa ingkang kalimrah dipun maksudaken klas punika, ing kina kadjengipun boten kangge ndupeh2aken dateng bangsa utawi kaum lintunipun kados upaminipun dupeh bangsa Satrija ladjeng andupehaken ing bangsa Sudra, nanging malah katjarijos, ksb. ing Serat Pustakaradjamadya, ing djaman Budha *pandjenenganipun Nata Pandawa salaminipun sanget angluhuraken ing bangsa andap.*

Dados bab tembung sudra kados ingkang kapatjak ing dalem djangka ksb. punika sanes katudjokaken dateng namining bangsa Sudra ksb. wau, nanging kamaksudaken dateng tembung Sudra ingkang aretos dradjad andap, utawi sanes sudra ingkang maksudipun dateng wong tani.

———*———

Isinja diluar tanggungan pentjetak.

Pertj. „RISTAS" Mn.